



رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

kreyòl

كريولي

دَفْنُ الْمَوْتَى فِي الْمَسَاجِدِ

Antere moun mouri anndan moske



Ekri pa Ekselans Cheik la
Abdul Aziz bin Abdullah bin Baz

دَفْنُ الْمَوْتَى فِي الْمَسَاجِدِ

Antere moun mourri anndan moske

لِسَمَاحَةِ الشَّيْخِ الْعَلَّامَةِ
عَبْدِ الْعَزِيزِ بْنِ عَبْدِ اللَّهِ بْنِ بَازٍ
رَحِمَهُ اللَّهُ

Ekri pa Ekselans Cheik la
Abdul Aziz bin Abdullah bin Baz

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

Onzyèm Mesaj la:

Antere moun mouri anndan moske

Nan non Allah, e lwanj se pou Allah, e se pou lapriyè ak lapè sou Mesaje Allah, epitou sou fanmi li ak sila yo ki suiv gidans li a, Aprè sa :

Mwen te li jounal «Al-Khartoum» ki te parèt nan dat 17/ 4 / 1415H; mwen jwenn yo te pibliye yon anons ladan li ki fè konnen yo antere Mesye Muhammad al-Hasan al-Idrisi bò kote papal nan moske yo a, nan vil Omdurman... elatriye.

Poutèt obligasyon Allah mete sou mwen poum bay mizilman yo konsèy, ak devwa poum denonse sa ki mal; mwen wè li nesesè poum fè nou konnen ke antere moun nan moske se yon bagay ki pa pèmèt. Okontrè, se youn nan mwayen ki mennen nan 'Shirk' (bay Allah asosye), epi se nan zak Jwif ak Kreyen yo Allah te kondane yo pou sa, epi Mesaje (se pou lapè ak benediksyon Allah sou li) Li a te madichonnen yo pou sa tou. Jan sa rapòte nan 2 liv ki korèk yo (Bukhari ak Muslim) dapre Aicha (ki Bondye kontan avè l), Pwofèt la te di:

«لَعَنَ اللَّهُ الْيَهُودَ وَالنَّصَارَى، اتَّخَذُوا قُبُورَ أَنْبِيَائِهِمْ مَسَاجِدَ».

Madichon Allah sou Jwif yo ak Kreyen yo; yo te pran tonb pwofèt yo pou yo fè yo tounen moske

(kote pou yo adore). Epi nan liv Sahih Muslim, daprè Joundoub bin Abdoullah, Pwofèt la (pè ak Benediksyon Allah kouvri li)te di:

«أَلَا وَإِنَّ مَنْ كَانَ قَبْلَكُمْ كَانُوا يَتَّخِذُونَ قُبُورَ أَنْبِيَائِهِمْ وَصَالِحِيهِمْ مَسَاجِدَ، أَلَا فَلَا تَتَّخِذُوا الْقُبُورَ مَسَاجِدَ؛ فَإِنِّي أَنهَأَكُم عَنْ ذَلِكَ».

«Atansyon! Epi anverite, moun ki te la anvan nou yo te konn pran tonbo pwofèt yo ak moun ki te dwat pami yo kòm moske (kote yo fè prostènasyon), atansyon! Piga nou pran tonb yo kòm moske; paske anverite, mwen entèdi nou fè sa.» Epi, gen anpil hadit nan menm sans lan.

Kidonk, se yon devwa pou Mizilman yo tout kote -gouvènman kou pèp-: pou yo gen krentif pou Allah, epi pou yo pran prekosyon ak sa li te entèdi, epi pou yo antere mò yo deyò Moske yo, menm jan Pwofèt la (lapè ak benediksyon Allah sou li) ak konpayon li yo (se pou Allah satisfè de yo) te konn antere mò yo deyò Moske yo, e se konsa tou pou moun ki te swiv yo nan fè sa ki byen.

Pou sa ki konsène prezans tonbo Pwofèt la (je lapè ak Benediksyon Allah kouvri li)ak 2 konpayon li yo, Abou Bakr ak Omar (se pou Allah kontan ak yo de a), anndan moske li a ; sa pa yon prèv pou jistifye antere mò nan moske yo. Rezon an se paske yo te antere Pwofèt la (pè ak Benediksyon Allah kouvri li)anndan kay pal la — nan kay Aicha (se pou Allah kontan avè l) —, epi annapre, yo te antere 2

konpayon li yo ansanm avèk li. Se sèlman lè Al-Walid pitit gason Abd al-Malik tap agrandi moske a nan fen premye syèk Ejir la, li te entegre chanm nan nan moske a. Savann yo (moun ki gen konesans yo) nan epòk la te dezapwouve sa, men li menm li te panse ke sa pat anpeche agrandisman an, e ke sitiyasyon an te klè, san prete a konfizyon.

Pa mwayen sa, li vin klè pou chak Mizilman: ke li menm (Lapè ak benediksyon Allah kouvri li) ak 2 konpayon li yo (se pou Allah satisfè ak yo 2 a) yo pat antere yo nan Moske a, e lefèt ke yo te vin antre ladan li poutèt agrandisman an, sa pa yon agiman pou pèmèt antere moun nan moske yo; paske yo pa nan Moske a, men pito, yo nan kay li a (benediksyon ak lapè Allah sou li). E tou, paske aksyon Walid la pa kapab sèvi kòm agiman pou pèsonn nan zafè sa a. Agiman an, se sèlman nan Liv la (Koran an) ak nan Sounnah la nou jwenn li, epi nan konsansis Premye Jenerasyon Kominote a (Salaf as-Salih), se pou Allah satisfè ak yo. E nou mande Allah pou Li mete nou pami moun kap swiv yo nan sa ki byen.

Pou bay konsèy epi pou dechaje konsyans, redaksyon an te fèt nan: 14/5/1415 H.

Epi se nan men Allah sèl siksè a soti (se Li ki bay siksè). Se pou benediksyon ak lapè Allah sou Pwofèt nou an, Muhammad, sou fanmi li, sou konpanyon li yo, ak sou tout moun ki swiv chemen yo ak senterite.

Esplikasyon sou kijan moun ki pretann yo gen dwa pa swiv lalwa (charia) pwofèt Mouhamad (Lapè ak Benediksyon Allah kouvri li) la, se moun ki pèdi chemen yo epi ki soti nan relijyon an.

Abdelaziz ibn Abdallah ibn Baz

Liv sa a montre moun ki pretann yo gen dwa pa swiv lalwa (charia) Pwofèt Mouhamad (ke lapè ak Benediksyon Allah kouvri li) la, se moun ki pa mizilman ankò. Liv la pa dakò ak sa kèk ekriven di kòm kwa Jwif ak Kretyen ka rete nan relijyon yo toujou aprè mesaj Pwofèt la fin vini. Li serye sou pwèn sa a: mesaj Pwofèt (lapè ak Benediksyon Allah kouvri li) la se pou tout moun sou tè a, epi Islam se sèl sèl relijyon ki nan laverite a, jan sa ekri nan Koran an ak nan Tradisyon yo (Sunnah).

ht397v5.0 - 06/06/2026



رسالة الحرمين

Message of The Two Holy Mosques

Guidance content for the visitors of the Holy Mosque
and the Prophet's Mosque in languages

